



Pou Piblikasyon Imedya: 26/06/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ESPEKTAK FEDATIFIS 4 JIYÈ CHAK ANE A NAN JONES BEACH

Afiche limyè nan syèl la sou destinasyon popilè bò dlo Long Island lan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a eskpozisyon fedatifis nan Pak Eta Jones Beach (Jones Beach State Park) pral fèt nan Jou Endepandans lan, 4 jiyè, k ap klere syèl la nan pak bò lanmè Long Island lan. Espektak Fedatifis Jovia Financial Credit Union nan Jones Beach la se yon selebrasyon 25 minit plen ak koulè ki pral avegle ak rejwi tout laj.

"Pou selebre 248yèm anivèsè nasyon nou an, Santenè Pak Eta nou an, ak 95yèm anivèsè Jones Beach, nou espere ou pral rejwenn nou pou kreye souvni anba fedatifis nan kat jiyè a," **Gouvènè Hochul te deklare**. "Espektak fedatifis nou an sou Jones Beach se yon gwo tradisyon ete epi mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo ale wè sa espektak sa a ak tout pak eta nou yo gen pou ofri."

Peta kolore a, ke Garden State Fireworks prezante ak reyalize, pral fèt madi 4 jiyè apati 9:30 p.m. WALK 97.5 FM ak KJOY-98.3 FM pral difize mizik similtaneman pandan espektak fedatifis yo. Pa gen lòt frè pou espektak fedatifis la. Pri admisyon regilye yo nan pak la se 10 dola pou chak veyikil.

Komisè Tanporè Pak Eta New York la, Randy Simons, te deklare, "Ane sa a tèlman espesyal pou nou, 100 ane kòm yon sistèm pak. Ki pi bon fason pou selebre Santenè ak Jou Endepandans nou an pase nan gade fedatifis sou plaj la. Mwen rekonesan pou sipò Jovia Financial Credit Union ak tout esponsò nou yo paske yo sipòte tradisyon dete sa a sou Long Island ki rasanble anpil fanmi ak zanmi nan Pak Eta Jones Beach la".

Pwogram ane sa a, avèk esponsò prensipal Jovia Financial Credit Union, posib tou gras ak sipò Natural Heritage Trust, Foundation for Long Island State Parks Inc., Newsday, Connoisseur Media Long Island ak J & B Restaurant Partners.

Ofisye Maketing an Chèf Jovia Financial Credit Union lan, Renu Dalessandro, te deklare, "Nan Jovia, fè pati kominote nou an se pa sèlman konsènan viv ak travay isit la nan Long Island, li gen pou wè tou ak fè kontribisyon ak selebre inite. Se yon onè pou

m esponsò prensipal Espektak Fedatifis Jovia Financial Credit Union nan Jones Beach pou katriyèm ane youn apre lòt, ki se pi gwo senbòl fyète nasyonal ak patriyotis. Se fason nou klere syèl la ak kè tout moun k ap patisipe, epi nou apresye opòtinite pou nou fè pati jou istorik sa a ak tradisyon anyèl sa a."

Direktè Ekspwatasyon pou Connoisseur Media, David Bevins, te deklare, "Pa gen pi bon fason pou pase anivèsè nesans nasyon nou an pase nan Espektak Fedatifis Jovia Financial Credit Union lan nan Jones Beach. Nou konnen espektak la pral klere syèl la ak kè tout moun ki wè li. Nou espere difizyon similtane bann orijinal espektak la sou WALK 97.5 ak KJOY 98.3 pral kontinye sèvi kòm yon tradisyon pou rasanble fanmi, zanmi, ak vwazen nan yon eksperyans pataje nan lajwa ak selebrasyon. Se yon onè pou nou fè pati li."

Biwo Pak, Lwazi ak Prezèvasyon Istorik Eta New York la sipèvize plis pase 250 pak, sit istorik, santye rekreyatif, teren gòlf, anbakasyon bato ak plis ankò, ki te wè yon kantite rekò 84 milyon vizitè an 2023. Pou plis enfòmasyon sou nenpòt nan zòn lwazi sa yo, vizite parks.ny.gov, telechaje [aplikasyon NY State Parks Explorer](#) la gratis oswa rele nan 518.474.0456. Rejwenn nou pou selebre Santenè nou pandan tout ane 2024 la, epi konekte avèk nou sou [Facebook](#), [Instagram](#), [X](#) (anvan li te rele Twitter), ak [blòg OPRHP](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Veye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)